# QARAQALPAQSTAN RESPUBLIKASÍ KÁRXANA HÁM SHÓLKEMLER DEMOGRAFIYASÍ BOYÍNSHA MAĹÍWMAT

*2022- jıl 1- fevral jaǵdayına*
*(fermer hám diyxan xojalıqlarınan basqa)*



# **Kárxana hám shólkemler sanı**, *birlikte*

*(2022- jıl 1- fevral jaǵdayına)*

**Dizimnen ótken kárxanalar**
**25 048**
109,1%

**Hárekettegi kárxanalar**
**23 816**
107,7 %

Jańa

**Jańadan ashılǵan kárxana**
*(2022-jil yanvar oyında*
**292**
84,9 %

**Yuridiklıq shaxs:**

Óz jumısların júrgiziwinde yamasa operativ basqarıwında óz aldına mal-múlkke iye bolǵan hám de óz minnetlemeleri tiykarınan usı mal-múlk penen juwap beretuǵın, óz atınan múlki yamasa jeke mulksiz huquqlarǵa iyelik ete alatuǵın hám olardı ámelge asıra alatuǵın, minnetlemelerdi atqara alatuǵın, sudta dawager hám juwapker bola alatuǵın shólkem **yuridikalıq shaxs** esaplanadı.

## **Hárekettegi kárxana hám shólkemlerdiń jıllar kesiminde sanı**, *birlikte*

*(1- fevral jaǵdayına)*



# Klassifikator boyınsha hárekettegi kommercialıq kárxanalardıń ulıwma sanı, *birlikte*

*2022- jıl 1- fevral jaǵdayına*

**14 770**
**Juwapkershiligi sheklengen jámiyet**

**1 940**
**Shańaraq kárxanalar**

**85**
**Unitar kárxanalar**

**3 019**
**Jeke kárxanalar**

**26**
**Akcionerlik jámiyeti**

**312**
**Basqalar**

## Ekonomikalıq xızmet túrleri boyınsha hárekettegi kárxana hám shólkemler sanı, *birlikte*

*(1- fevral jaǵdayına)*



# Ekonomikalıq xızmet túrleri boyınsha jańadan ashılǵan kárxana hám shólkemler sanı

*(2021- jıl yanvar ayında)*




## Jańadan ashılǵan kárxana hám shólkemler sanı

*( 1- fevral jaǵdayına, birlikte)*



# Hárekettegi awıl, toǵay hám balıqshılıq xojalıǵı tarawındaǵı kárxanalar hám shólkemler

*(1- fevral jaǵdayına, birlikte)*

**Jámi hárekettegi karxanalar hám shólkemlerdiń ulıwma sanı ótken jıldıń sáykes dáwirine salıstırǵanda 10,9 % ke ósti**
















# Hárekettegi sanaat kárxanaları hám shólkemlerdiń sanı, birlikte
## (2022- jıl 1- fevral jaǵdayına)



**Jámi hárekettegi sanaat kárxanalar hám shólkemlerdiń ulıwma sanı ótken jıldıń sáykes dáwirine salıstırǵanda 9,5 % ke ósti**






**176**



Taw-kán sanaatı hám ashıq kanlerdi islew

**2 948**



Islep shıǵarıw sanaatı

**37**



Elektr, gáz, puw menen támiyinlew hám hawanı kondiciyalaw

**57**



Suw menen támiyinlew, kanalizaciya, shıǵındılardı jıynaw hám utelizaciya islew

2022- jıl 1- fevral jaǵdayına sanaat kárxanaları hám shólkemleri sanı 3 218 di qurap, ótken jıldıń sáykes dáwirine salıstırǵanda 9,5 % ke ósti.

Jámi sanaat kárxanaları hám shólkemleri - (ótken jıldıń sáykes dáwirine salıstırǵanda), Islep shıǵarıw (qayta islew) sanaatı 10,3 % ke (jámine úlesi 91,6 %), suw menen támiyinlew, kanalizaciya shıǵındılardı jıynaw hám utelizaciya islew 35,7 % ke (jámine úlesi 1,8 %), taw-kán sanaatı hám ashıq kánlerdi islew 95,6 % ke (jámine úlesi 5,5 %), elektr, gáz, puw menen támiyinlew hám hawanı kondiciyalaw 94,9 % ke (jámine úlesi 1,1 %) bolǵanlıǵın kóriwimiz múmkin.

# Qurılıs tarawı boyınsha hárekettegi kárxanalar hám shólkemler haqqında maǵlıwmat,

*jıllar kesiminde (birlikte)*





*Jámi hárekettegi kárxanalar hám shólkemlerdiń ulıwma sanı ótken jıldıń sáykes dáwirine salıstırǵanda* **3,3 %** *ke ósti*




### Kishi isbilermenlik subyektleri



**3,5%** *ke ósti*




### Mikrofirmalar




### Kishi kárxanalar




## Qurılıs tarawı boyınsha hárekettegi kárxana hám shólkemler sanı, jıllar kesiminde

*(birlikte)*




2022- jıl 1- fevral jaǵdayına qurılıs tarawı boyınsha kárxana hám shólkemler sanı 2 410 di qurap, ótken jıldıń sáykes dáwirine salıstırǵanda 3,3 % ke ósti.

Jámi qurılıs tarawı boyınsha kárxana hám shólkemler sanı imaratlar qurıw ótken jıldıń sáykes dáwirine salıstırǵanda 2,0 % ke (jámi qurılıstaǵı úlesi 59,7 %), puxaralıq obyektlerin qurıw - 23,0 % ke (jámi qurilistaǵı úlesi 10,7 %), qánigelestirilgen qurılıs jumısları 0,1 % ke (jámi qurılıstaǵı úlesi 29,6 %) ósiwin kóriwimizge boladı.

# Sawda tarawı boyınsha hárekettegi kárxanalar hám shólkemler sanı

*(1- fevral jaǵdayına, birlikte)*



*Jámi hárekettegi kárxanalar hám shólkemlerdiń ulıwma sanı ótken jıldıń sáykes dáwirine salıstırǵanda* ***12,3 %*** *ke ósti*




### *Kishi isbilermenlik subyektleri sanı*



***12,4 %***
*ke ósti*




### *Mikrofirmalar*




### *Kishi kárxanalar*




## Sawda tarawı boyınsha hárekettegi kárxana hám shólkemler sanı, jıllar kesiminde

*(1- fevral jaǵdayına, birlikte)*

2022-jıl 1- fevral jaǵdayına sawda boyınsha kárxana hám shólkemler sanı 6 379 di qurap, ótken jıldıń sáykes dáwirine salıstırǵanda 12,3 % ke ósti.

Jámi sawda boyınsha kárxana hám shólkemler sanı – usaqlap satıw (jenil mashina hám motocikllerden tısqarı) ótken jılǵá salıstırǵanda 12,2 % ke (jámi sawdadaǵı úlesi 70,3 %), kótere sawda (jenil mashina hám motosikllerden tısqarı) ótken jılǵa salıstırǵanda 13,1 % ke (jámine úlesi 21,5 %), jenil mashina hám motocikllerdi kótere hám usaqlap satıw sawdası hám olardı ońlaw ótken jılǵá salıstırǵanda 11,5 % ke (jámine úlesi 8,2 %) ósiwin kóriwimizge boladi.



# Densawlıqtı saqlaw hám sociallıq xızmetler kórsetiw boyınsha hárekettegi kárxana hám shólkemler sanı, birlikte



*(2022- jıl 1- fevral jaǵdayına)*

- Densawlıqtı saqlaw

**407**

- Jasaw ushın jay menen tamiyinlengen halda sociallıq xızmetler kórsetiw

**27**

- Jasaw ushın jay menen tamiyinlenbegen halda sociallıq xızmetler kórsetiw

**10**

## Densawlıqtı saqlaw hám sociallıq xızmetler kórsetiw tarawında hárekettegi kárxana hám shólkemler sanı



*Jámi hárekettegi kárxanalar hám shólkemlerdiń ulıwma sanı ótken jıldıń sáykes dáwirine salıstırǵanda* ***7,2%*** *ke ósti*




### Kishi isbilermenlik subyektleri sanı



***10,1%*** **ke ósti**




### Mikrofirmalar




### Kishi kárxanalar



# Jasaw hám awqatlanıw boyınsha hárekettegi kárxana hám shólkemler sanı, birlikte
(2022- jıl 1- fevral jaǵdayına)



*Jámi hárekettegi kárxanalar hám shólkemlerdiń ulıwma sanı ótken jıldıń sáykes dáwirine salıstırǵanda **6,3%** ke ósti*




*Kishi isbilermenlik subyektleri*



**6,2 %**
*ke ósti*




*Mikrofirmalar*




*Kishi kárxanalar*




## Jasaw hám awqatlanıw boyınsa hárekettegi kárxana hám shólkemler sanı
*(2022- jıl 1- fevral jaǵdayına)*




**102**
**Jasaw boyınsha xızmetler**



**1 264**
**Azıq-awqat ónimleri hám ishimlikler jetkeriw boyınsha xızmetler**

2022- jıl 1- fevral jaǵdayına, jasaw hám awqatlanıw boyınsha xızmetler tarawındaǵı kárxana hám shólkemler sanı 1 366 nı qurap, ótken jıldın' sáykes dáwirine salıstırǵanda 6,3 % ke ósti.

Jámi jasaw hám awqatlanıw boyınsha xızmetler tarawındaǵı kárxana hám shólkemler sanınıń kóbeyiwiniń tiykarǵı deregi azıq-awqat hám ishimlikler jetkerip beriw boyınsha xızmetler 5,6 % ke (jámi jasaw hám awqatlanıw boyınsha xızmetler tarawındaǵı úlesi 92,5 %), jasaw boyınsha xızmetlerdiń 15,9 % ke (jami jasaw hám awqatlanıw boyınsha xızmetler tarawındaǵı úlesi 7,5 %) ósiwi guzetildi.

# Kishi isbilermenlik subyektleri sanı

*(2022- jıl 1- fevral jaǵdayına, birlikte)*

**21 225**
dizimnen ótken

- **1 096** kishi kárxanalar
- **20 129** mikrofirmalar

**20 077**
hárekettegi

- **1 088** kishi kárxanalar
- **18 989** mikrofirmalar

**269**
yanvar ayında jańadan ashılǵan

- **4** kishi kárxanalar
- **265** mikrofirmalar

## Ekonomikalıq xızmet túrleri boyınsha hárekettegi kishi kárxana hám mikrofirmalar sanı, *birlikte*



## **Shańaraq kárxanalar sanı,** *birlikte*

*(2022- jıl 1- fevral jaǵdayına)*




Klassifikator boyınsha dizimnen ótken shańaraq kárxanalar sanı 2022- jıldıń 1- fevral jaǵdayına 2 065 ti qurap, ótken jıldıń sáykes dáwirine salıstırǵanda 323 ke yamasa 18,5 % ke óskenligin kóriwimiz mumkin.

Hárekettegi shańaraq kárxanalar sanı 1 940 ti qurap, ótken jıldıń sáykes dáwirine salıstırǵanda 308 ge yamasa 18,9 % ke óskenligin kóriwimiz mumkin.

2021- jıldıń yanvar ayında jańadan ashılǵan shańaraq kárxanalar sanı 17 ni qurap, bul kórsetkish ótken jıldıń sáykes dáwirine salıstırǵanda 41,5 % ti quradı.

## **Juwapkershiligi sheklengen jámiyetler sanı**, *birlikte*

*(1- fevral jaǵdayına)*

Klassifikator boyınsha dizimnen ótken juwapkershiligi sheklengen jamiyetler sani 2022- jıldıń 1- fevral jaǵdayına 15 524 ti qurap, bul kórsetkish ótken jıldıń sáykes dáwirine salıstırǵanda 1 915 ke yamasa 14,1 % ke óskenligin kóriwimiz mumkin.

Hárekettegi juwapkershiligi sheklengen jamiyetler sanı 14 770 ti qurap, bul kórsetkish ótken jıldıń sáykes dáwirine salıstırǵanda 1 644 ke yamasa 12,5 % ke óskenligin kóriwimiz mumkin.

2021- jıl yanvar ayında jańadan ashılǵan juwapkershiligi sheklengen jamiyetler sanı 218, bul kórsetkish ótken jıldıń sáykes dáwirine salıstırǵanda 85,1 % ti quraǵanlıǵın kóriwimiz mumkin.



# Hárekettegi shet el kapital qatnasındaǵı kárxana hám shólkemlerdiń mámleketler kesimindegi sanı, *birlikte*

*(2022- jıl 1- fevral jaǵdayına)*




## Shet el kapital qatnasındaǵı kárxanalar sanı, birlikte

***(2022- jıl 1- fevral jaǵdayına)***




Dizimnen ótken shet el kapital qatnasındaǵı kárxana hám shólkemler sanı 2022- jıl 1- fevral jaǵdayına 175 ti quraydı, olardan 174 yamasa 99,4 % ti háreket etpekte. Bul kórsetkish ótken jıldıń sáykes dáwirine salıstırǵanda 9 ǵa yamasa 5,4 % in quraydı.

2022- jıldıń yanvar aylarında 2 shet el kapital qatnasındaǵı kárxana hám shólkemler jańadan ashılǵan.

## Hárekettegi kárxana hám shólkemlerdiń rayonlar kesiminde sanı, *birlikte*

*(1- fevral jaǵdayına )*



## Rayonlar kesiminde hárekettegi shet el kapital qatnasındaǵı kárxanalar sanı, *birlikte*

*(2022- jıl 1- fevral jaǵdayına)*



| | Jámi | sonnan: | |
|---|---|---|---|
| | | Qospa kárxana | shet el qatnasındaǵı kárxanalar |
| **Qaraqalpaqstan Respublikası** | **174** | **108** | **66** |
| **rayonlar :** | | | |
| Ámiwdárya | 5 | 1 | 4 |
| Beruniy | 10 | 5 | 5 |
| Bozataw | 6 | 6 | |
| Qaraózek | 10 | 7 | 3 |
| Kegeyli | 7 | 6 | 1 |
| Qońırat | 9 | 7 | 2 |
| Qanlıkól | 6 | 3 | 3 |
| Moynaq | 36 | 25 | 11 |
| Nókis | 10 | 5 | 5 |
| Taqıyatas | 9 | 3 | 6 |
| Taxtakópir | 3 | 2 | 1 |
| Tórtkúl | 6 | 5 | 1 |
| Xojeli | 3 | 1 | 2 |
| Shımbay | 4 | 3 | 1 |
| Shomanay | 4 | 2 | 2 |
| Ellikqala | 5 | 4 | 1 |
| Nókis q. | 41 | 23 | 18 |

Hárekettegi shet el kapital qatnasındaǵı kárxanalardıń tiykarǵı bólegi Nókis qalasında 41 (jámi sanına úlesi 23,6 %), Moynaq 36 (20,7 %), Beruniy, Qaraózekte hám Nókis rayonlarında 10 (5,7 %), Qońırat hám Taqıyatasta 9 (5,2 %), Kegeyli 7 (4,0 %), Bozataw, Qanlıkól hám Tórtkúl rayonlarında 6 (3,4 %) ke tuwrı keledi.

# Dizimnen ótken kárxana hám shólkemlerdiń rayonlar kesiminde sanı, *birlikte*

*(2022- jıl 1- fevral jaǵdayına )*




2022- jıl 1- fevral jaǵdayına dizimnen ótken kárxana hám shólkemler rayonlar kesiminde Nókis qalasında (28,3 %), Tórtkúl (9,8 %), Beruniy (8,3 %), Ámiwdárya (7,5 %), Ellikqala (6,1 %), Qońırat (5,7 %), Xojeli (5,3 %), Nókis (4,3 %), Shımbay (4,1 %), Taqıyatas hám Kegeylide (3,2 %), Qaraózek hám Moynaqta (2,8 %), Qanlıkól (2,7 %), Shomanayda (2,6 %), Taxtakópir (1,8 %) hám Bozataw (1,5 %) rayonlar úlesıne tuwrı keledi.

## Jańadan ashılǵan kárxana hám shólkemlerdiń rayonlar kesiminde sanı, *birlikte*

*(2021- jıl yanvar ayında)*

2021- jıldıń yanvar ayında jańadan ashılǵan kárxana hám shólkemler Nókis qalasında (30,2 %), Tórtkúl (12,3 %), Beruniyde (8,6 %), Taqiyatas (8,2 %), Xojelide (5,5 %), Ellikqala hám Qońıratta (5,1 %), Ámiwdárya (4,8 %), Nókis (3,4 %), Shımbay (2,1 %), Moynaq (2,7 %), Kegeyli (2,4 %), Shomanay hám Qoraózekte (3,1 %), Qanlıkólde (1,4 %), Bozataw hám Taxtakópirde (1,0 %) rayonlar úlesine tuwrı keledi.



## Hárekettegi shańaraq kárxanalardıń rayonlar kesiminde sanı, birlikte

*(2022- jıl 1- fevral jaǵdayına)*




## Hárekettegi juwapkershiligi sheklengen jámiyetleriniń rayonlar kesimindegi sanı, *birlikte*

*(2022- jıl 1- fevral jaǵdayına)*




2022- jıl 1- fevral jaǵdayına harekettegi juwapkershiligi sheklengen jámiyetleri rayonlar kesiminde qaralǵanda, Nókis qalasında (33,3 %), Tórtkúl (10,2 %), Beruniy (7,1 %), Ámiwdárya (6,8 %), Xojelide (5,5 %), Nókis (5,1 %), Qońırat (5,2 %), Ellikqala (4,3 %), Shımbay (4,2 %), Moynaq (3,0 %), Kegeyli (3,4 %), Qoraózek (2,9 %), Taqıyatas (2,5 %), Bozataw ham Qanlıkólde (1,8 %), Shomanayda (1,7 %), Taxtakópirde (1,2 %) rayonları úlesine tuwrı keledi.




Sırtqı paydalanıwshılar, tikkeley Qaraqalpaqstan Respublikası Statistika basqarmasınıń **www.qrstat.uz** veb saytında real waqıt rejiminde, soralıp atırǵan yuridikalıq shaxstıń (STIR) kodın kirgizip, informaciyalardı biypul alıwları múmkinligi belgilep qoyılǵan.

**Statistikalıq registrlardıń júritiw bólimi.**
**Tel.:61 224-92-09**